

# Kisa Evalyasyon Lengwistik ye?

**Evalyasyon lengwistik ede pwofesè yo konprann si elèv yo gen konpetans lengwistik ki nesesè yo pou yo patisce konplètman nan salklas la.**

Elèv yo itilize konpetans yo genyen nan domèn konpreyansyon oral (tande), ekspresyon oral (pale), lekti ak ekriti pou yo aprann kontni akademik, pataje enfòmasyon ak pou yo diskite ide. Konpetans sa yo se yon seri konpetans ke tout elèv travay sou yo pandan tout pakou edikatif yo. Evalyasyon lengwistik mezire konpetans yon elèv genyen nan toulekat domèn sa yo.

Elèv yo idantifye kòm Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL yo) pran egzamen nan lang Anglè chak ane.

- Lekòl, distri lekòl yo, ansanm ak eta yo itilize nòt egzamen yo lè y ap deside ki sèvis sipò yo dwe bay nan lang Anglè.
- Pwofesè yo itilize nòt egzamen yo lè y ap deside kisa ak kijan pou yo anseye elèv yo.
- Ou kapab itilize nòt egzamen yo pou kontwole pwogrè pitit ou a fè nan aprantisaj Anglè akademik ak pou defann pitit ou a nan lekòl la.

Diske ak pwofesè pitit ou a sou kilè w ap resevwa nòt egzamen yo ak sou kijan sipò a chanje ofiramezi pitit ou a ap devlope konpetans akademik nan lang Anglè. Mande kijan lekòl pitit ou a deside ki lè Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL yo) dwe sispann jwenn sipò lengwistik la. Diskite ak tout pwofesè pitit ou a sou kijan w kapab ede pitit ou a aprann lang lan lakay li.



## ELL

Yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè, oswa ELL, se yon elèv ki gen opòtinite pou l resevwa ansèyman nan lang Anglè, anplis de lòt kou l ap swiv yo. Yo administre egzamen pou ELL yo chak ane pou ede pwofesè yo konprann konpetans lengwistik yo genyen yo, men ou gen dwa pou aksepte oswa refize sipò lengwistik la.